Serie A. uitgave door bemiddeling der Commissie voor de Volkslectuur No. 150.

POELOENGANEUN

NJA ETA

ROEPA-ROEPA TJARITA

KARANGAN

MAS SOEMAATMADJA

Mantri Goeroe sakola kĕlas I

DJEUNG

MAS DJAJADISASTRA

Mantr Goeroe sakola kĕlas II

TJILEGON.

WELTEVREDEN
L. ALBRECHT & Co.
1915.

Perpustakaan Nasional RI
B: - 484
No. 150
1915

P 08 y B484 no 150 1915

Serie uitgaven door bemiddeling der Commissie voor de Volkslectuur No. 150.

POELOENGANEUN

NJA ETA

ROEPA-ROEPA TJARITA

KARANGAN

MAS SOEMAATMADJA

Mantri Goeroe sakola kĕlas I

DJEUNG

MAS DJAJADISASTRA

Mantri Goeroe sakola kĕlas II

di TJILĔGON.

Hakna noe ngarang ieu boekoe ditangtajoengan koe Staatsblad 1912 No. 600.

Ieu boekoe meunang ditjitak deui (overdruk en nadruk) koe noe sedjen atawa dianggit deui dapon geus meunang soerat paidin bae ti Commissie voor de Volkslectuur, sarta dina eta tjitakan anjar atawa anggitan anjar tea koedoe diterangkeun ti mana asalna.

WELTEVREDEN
FILIAAL ALBRECHT & Co.
1915.

PERPUSTAKAAN NASIONAL

I. Rasa mokaha.

Di desa Kananga aja doea djělěma sosobatan. Noe hidji ngaranna Djaka, ari noe hidji deui Marsan. Tina katjida dalitna, nĕpi ka doeanana geus pada teu asa-asa, sakanjaah, sakasoeka, sakapeurih, sakanjĕri. Beurang peuting tara papisah, ka mana-mana rerentetan. Tjeuk babasan tea mah *ka tjai djadi saleuwi ka darat djadi salogak.* Doeanana sahate taja barang kinasihan. Malah geus djadi katjapangan, lamoen dina laladjoaneun atawa dina koempoelan-koempoelan teu aja salah sahidjina, boh Djaka, boh Marsan; eta teh geus djadi basa „aneh bĕt pipisahan".

Dina hidji mangsa Djaka datang ka imah Marsan, maksoedna rek njampeur laladjo. Tapi kabĕnĕran harita Marsan keur teu aja di imah, malah pamadjikanana oge euweuh, kawasna keur njaba deudeukeutan bae, da boektina ari panto imahna mah molongo.

Djaka gĕgĕroan, njaloekan sababaraha kali, tapi wĕleh teu aja noe nembalan. Tina rasana geus teu asa-asa, doemeh djeung sobat tea, toeloej bae manehna teh asoep ka djĕro imah, bari seug tĕmpa-tĕmpo ka ĕngggon heesna.

Kabĕnĕran dina bilik pangkeng, aja erlodji bogana Marsan digantoengkeun dina pakoe. Koe Djaka geus teu dipikir deui, tina rasa mokaha doemeh loma. Top bae eta erlodji teh ditjokot bari toeloej dipake. Ingĕtanana ĕngke di mana papanggih djeung Marsan rek dibikeun deui, sarta toeloej harita manehna indit laladjo.

Katjaritakeun Marsan sanggeus Djaka indit, teu lila djol datang djeung pamadjikanana. Sadatang-datang toeloej ka pangkeng, karĕpna rek njokot erlodjina tea. Dihantĕm dikotektak diteangan wĕleh teu aja. Marsan katjida heraneunana, da basa ditinggalkeun mah eta erlodji aja. Tina

PERPUSTAKAAN NASIONAL

goegoepna bawaning koe njaah kana erlodji, harita keneh tĕroes bae manehna teh lapor ka poelisi, poepoelih jen kapalingan.

Teu sabaraha lilana erlodji Marsan katangkĕp ti tangan Djaka, sarta toeloej dipĕrkarakeun. Djaka meunang hoekoeman satimbang dosana. Katjida pisan ngahĕroekna tina teu sangka nĕpi ka nandang hoekoeman, lantaran tina rasa mokaha ngagampang doemeh ka sobat.

Asmarandana.

Kasmaran djadi pangeling
pangeling ka bararoedak
baroedak sing hade-hade
hade tingkah lakoe lampah
lampah oelah goemampang
goemampang ka boga batoer
batoer mah geus tangtoe njaah.

II. Begal katipoe.

Di desa Langĕn aja hidji djoeroe-tani, teu woedoe oge rada katjĕloek di desa eta mah, disĕboet djĕlĕma beunghar; dĕmi ngaranna katĕlah koe anak, disĕboet koe sarerea Bapa Anta.

Anta oemoerna geus ahir baleg, koe sabab eta koe bapana dipĕtakeun kana dagang pare. Kabĕnĕran boedakna noeroet deui kana pangrigĕlkeun kolotna teh.

Antara sawatara pal ti desa Langĕn aja deui desa ngaranna desa Pakewoeh.

Dina hidji mangsa di Pakewoeh kataradjang patjĕklik, lantaran sawah di dinja loba noe keuna koe hama. Djadi koe sabab kitoe di eta desa teh beunang disĕboetkeun diparean ti lian desa.

Barang Bapa Anta ngadenge bedja, jen di Pakewoeh mahal pare, toeloej nitah ka Ki Anta dagang pare ka dinja. Atoeh Ki Anta teh djol giak bae, eukeur mah boedakna noeroet kana tarekah kolot, katoeroeg-toeroeg kaharti koe manehna, jen bakal meunang oentoeng gĕde. Ti dinja djoeng milir parena dimoeatkeun kana parahoe meunang njewa, djalan toeroet tjai waloengan gĕde.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Ari datang ka desa Pakewoeh teh, ěnja parena lakoe, mani rewak, sadjongdjongan beak, sarta oentoengna nĕpi ka doea kalieun di desana.

Sanggeus beak daganganana, toeloej manehna balandja di pasar sakapĕrloean kolotna di imah, tapi teu sapira, kawantoe oerang desa ieuh, estoe sakadarna bae. Ti dinja toeloej ka sisi tjai, maksoednа rek balik njewa parahoe deui, tapi teu bisa ladjoe lantaran taja parahoe, tajohna mah ka piheulaan koe noe lian; djadi manehna kapaksa djalan darat.

Tapi pikirna mandĕg-majong, aja rek sabar bae noenggoean soegan aja parahoe deui, aja rek ka darat bae maksakeun maneh sieun-sieun oge.

Ari sababna noe matak kitoe, manehna geus ngadenge bedja di djalan sok aja begal, heug mawa doeit gĕde ladang pare, ari pĕta loemakoe „sorangan" asoep kana panistaan, katoeroeg-toeroeg heg geus boerit deui.

Tina Anta boedak pĕrtjeka rea akal, toeloej doeitna ditoekeurkeun kana oeang kĕrtas woengkoel, sarta boes diasoepkeun kana liang kolor tjalana, ngan njesakeun doeit retjeh dina sakoe badjoena, koerang leuwih meureun aja saroepia mah.

Sanggeus dangdan djoeng indit rek balik, bari ngadjing-djing gembolan beunang balandja tea.

Barang manehna nĕpi kana lĕbah djalan noe soeni, gok paamprok djeung djĕlĕma sĕgoet toempak koeda, beungeutna godegan, koemis nanggoeng, awak hideung, panon boentjĕlik popolotot, bangoen teu aja kagila, pok ngomong bari njĕntak: „Hajang paeh hajang hiroep? Lamoen hajang hiroep, kadieukeun doeit maneh; lamoen hajang paeh geura ngalawan".

Ki Anta ngadenge omongan sakitoe gorengna, mani kakoplokan biritna tina bawaning sieun, gembolan tjlik ragrag geus teu karasa deui, porosot badjoena dilaan, loeng dialoengkeun ka noe bala sarta tjoelang-tjileung sĕmoe noe rek loempat.

Begal toetoeroeboen tina koeda ngadenge doeit ngirintjing dina sakoe badjoe noe dialoengkeun koe ki Anta, pangirana tangtoe kabeh dipitjeun doeitna.

Barang begal geus toeroen, ngan ketjlak bae koedana ditoempakan koe Anta, sĕmproeng ditĕgarkeun satakĕr tanaga.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Begal ngoedag, tapi teu kasoesoel, bakating koe tjape bloek bae njoeoeh.

Anta salamĕt, datangna ka imah toempak koeda.

Tjing saha noe meunang oentoeng, Anta atawa begal tea?

Poetjoeng.

He baroedak ieu dongeng sing kasoeroep
soeroepkeun koe akal
akal teh gawena gĕde
gĕde batan kabĕdasan karosaan.
Mapan boekti ki Anta pinanggih oentoeng
oentoeng koe dibegal
begal roegi koeda gĕde
gĕde-gĕde ki begal eleh koe boedak.

III. Koeda djeung sapi.

Di gigireun pakarangan hidji gĕdong aja tĕgal noe hedjo djoekoetna; di dinja aja doea sato, nja eta koeda djeung sapi keur njaratoean.

Hĕnteu lila poetra noe kagoengan gĕdong kaloear, ngadĕg di boeroean.

Koeda teh dihim-him bari digoepajan, manehna njampeurkeun bari adjret-adjretan djeung boentoet tjĕntang, sĕmoe noe soeka katjida disaoer koe doenoengan.

Koeda ditĕpakan, dioesapan, rap dirarangkenan, toeloej tjlak ditoempakan.

Tina itjeusna eta koeda tĕrĕlĕng loempat nembongkeun pangabisana ka djoeragan, sisirig, torolong, adean; atoeh geus lain dikieuna bae kaboengahan doenoenganana, neuleu toetoempakanana sakitoe hidĕngna, bisa meuli-meuli hate.

Satingkah saparipolah koeda teh diteuteup bae koe sapi, sĕmoe noe heran nanakĕran.

Sanggeus eureun ditoempakanana, poer deui koeda teh ka tĕgal njatoean.

Harita sato keur bisaeun ngomong.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Sapi njampeurkeun bari ngomong: „Aji, teu njana katjida akang mah koe aji, sakitoe dĕdĕg sampe, roepa hade, tapi handjakal koe leutik boerih, boektina koe boedak satĕpak oge sieun, dikoea-kieu teh noeroet bae, djigana teu aja pisan goeam. Geura ka akang mah, soemawonna wanieun noempakan tea, ngadeukeutan oge teu loedeungeun.

Djawab koeda: „Lĕrĕs sasaoer akang kitoe teh, teu aja pisan lĕpatna, tapi ari koering mah, eta bae roemasa kabeuli koe doenoengan teh; tjitjing di imahan, dahar dibere, ngan kari kop saseubeuhna, mandi dimandian; djadi lamoen koering teu noeroet kana pangĕrsana doenoengan, asa moal pihadeeun".

Barang eta doea sato keur goeněm tjatoer kitoe, kĕlĕpĕr aja piteuk eunteup dina tonggong sapi tea, toeloej njeuseupan gĕtihna.

Mimitina mah teu dirasa koe sapi teh, tapi beuki lila beuki njĕri, nĕpi ka teu bisa ditahankeun deui; sapi elekesekeng teu ngeunah tjitjing, toeloej dikepotan koe boentoetna, tapi teu katĕpi, dibadoeg-badoeg koe tandoekna, kalah ka awak bae njĕri, da ari piteuk tea mah djongdjon bae tjitjing.

Tina bawaning samar rasa, nahankeun kanjĕri djeung getek, ngan gĕdĕboeg bae ngagoelingkeun maneh, gagasah kana djoekoet; geus kitoe djoeng nangtoeng deui, bĕrĕngbĕng loempat, ngoelon-ngetan kawas noe rek ngamoek. Atoeh teu woedoe ngarasa tjape, lain loeloemajanan sapi teh.

Sanggeusna piteuk hibĕr tina tonggong sapi, manehna ngarasa jen geus lĕmpĕr kanjĕrina, toeloej dĕpa ngarahoeh ngarasakeun katjape.

Koeda njampeurkeun bari ngomong ka sapi, pokna: „Kang! raji ewĕd katjida, koe naon margina noe mawi bieu akang loeloempatan satakĕr tanaga?"

Djawab sapi: „Poegoeh aja noe njotjoan borok dina tonggong, ari aji, tajohna bae si piteuk noe koerang adjar teh".

Koeda ngomong deui: „Ih, ari kitoe mah, nja mĕnding koering, tadi, loeloempatan soteh hĕnteu gaplah, njoekakeun doenoengan, moestail soegan teu aja pangasihna. Ari akang mah bieu abĕng-abĕngan teh ditoempakan koe piteuk, sato noe sakitoe leutikna, sakitoe hinana, kitoe oge aja noe dipambrih, nja eta njeuseup gĕtih, djadi akang roegi koe doea koe tiloe".

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Sapi teu bisa lemek deui, ngan leos bae leumpang, roemasa manehna meunang wirang, doemeh boga hate takaboer.

Maskoemambang.

1. Eh baroedak ieu hade djieun misil
   moenggoehing djělěma
   hěnteu aja anoe leuwih
   ananging Allah Ta'ala.
2. Takaboerna sapi tadi ieu aing
   goemagah sorangan
   rasa mo aja noe nanding
   tapi bět taja boektina.
3. Teu sapira koe piteuk ge geuning miris
   teu aja hodjahna
   bisa nandangan kanjěri
   anggoer heg adjret-adjretan.
4. Moen ditimbang djeung koeda anoe sisirig
   djaoeh nanakěran
   moelja leuwih batan sapi
   tina lantaran ngestona.
5. Oepamana diparěng maneh di ahir
   bisa koemawoela
   peupeudjeuh masing goemati
   hampang birit leuleus awak.

IV. Sakadang peutjang.

Aja hidji peutjang keur njatoean di leuweung di sisi waloengan leutik.

Keur djongdjon-djongdjon ngeunah-ngeunah ngararasakeun djoekoet noe ngarora marontok, manehna kageteun ngadenge sora maoeng ngahaoeng deukeut pisan.

Teu lila bělěgěděg bae maoeng teh nangtoeng hareupeunana, peutjang reuwaseun pisan, beungeutna pias, moen dikeureut moal gětihan, rek loempat, teu kaboeroe, geus kasělěmpěk teuing.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Maoeng ngartieun jen peutjang sieuneun, pok ngomong: „He, ki sanak! oelah sieun-sieun, da dewek teh teu nganiaja andika".

„Atoeh noehoen, oepami kitoe mah, mangga di dieu ngawangkong tamba kěsěl". Tjarek peutjang bari ngadegdeg.

„Moal, moal, sing pěrtjaja bae ka dewek". Tjarek maoeng bari ngadeukeutan. „Ngan ieu dewek teh rada peurih peudjit".

Peutjang ngadenge omongan kitoe teh beuki woewoeh-woewoeh bae sieuneunana, ngadegdeg kawas noe moeriang teu kawajaan, laleuleus satoelang-sandi, meh teu bisa nangtoeng-nangtoeng atjan.

Koe tina peutjang rea akalna, pok ngomong: „Oepami gamparan ngěrsakeun kana daging sim koering noe sakieu hinana, teu sawios, soeka pasrah pisan, nanging oelah di dieu, itoe bae di peuntas, margi sim koering karoenja ka poen anak doea di ditoe, pěrjogi oepami didahar sadaja koe gamparan, hiroep oge kabalangsak, moal aja noe makihikeun ari sim koering paeh mah; sarěng oepami didahar sadaja mah — djadi tiloe — tangtos warěg tambah kiat ka gamparan".

„Soekoer, soekoer". Tjarek maoeng. „Atoeh hajoe oerang geura meuntas, toeh geuning aja gěbog, mahi ditoempakan koe doeaan". Ngomongna kitoe teh bari koemětjrot, tjoemidoeh, kabitaeun koe peutjang, geus asa dina tikoro bae, tajohna.

Peutjang ngahoelěng pok ngadjawab: „Djoeragan, oelah roeroesoehan teuing, geuning aja paribasa — Kěndor asal ngagembol, gantjang ari pintjang — teu poegoeh. Eta gěbog lamoen ditoempakan koe doeaan tangtoe kalěm, meureun oerang tjilaka. Timbangan sim koering mah, langkoeng sae pili-gěntos bae meuntas teh, sim koering ti heula sae, gamparan bae mangga, sim koering mah rek noeroet bae".

Tina bisana noe ngomong, maoeng kaolo, pok ngomong: „Keun kami bae noe ti heula, ěngke ti peuntas ti ditoe disoeroengkeun deui ieu gěbog, kakara maneh meuntas".

Geus kitoe maoeng teh tjlak toempak gěbog, solojong madjoe ka peuntas, teu lila maoeng geus handjat.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Peutjang ngomong: „Djoeragan, sami-sami wiloedjĕng, mangga ngilari deui bae kadaharan noe sanes, sim koering rek njoempoet, njingkah djaoeh, sieun djadi eusi peudjit sampean".
Toeloej peutjang loempat sakaloempat-lampet sarta salamĕt.

Asmarandana.

1. Nadjan hina nadjan laip
lamoen boga pangabisa
rea akal anoe hade
pikeun njinglar pantja baja
tjara dongengna peutjang
teu toeloes dihakan maoeng
lantaran koe rea akal.
2. Tjoba moen teu boga harti
meureun moal bisa polah
kadjaba ngan loempat bae
tapi lamoen peutjang loempat
moal gagal katewak
tangtoe dirontak koe maoeng
disosoëh am dihakan.
3. Djeung lamoen oerang pinanggih
parĕng ngahareupan bahla
eta oelah arek poho
noenoehoen ka Noe Kawasa
nĕda kasalamĕtan
tapi oelah djongdjon dioek
ihtiar sabeunang-beunang.

V. Opat impian.

Kinanti.

1. Tjarek tjatoering pitoetoer
pitoetoer keur baris misil
aja hidji Radja poetra
ngĕrsakeun boeboedjĕng sapi

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

banteng oentjal sabangsana
baris ngalĕlĕdjar galih.

2. Soeboeh-soeboeh angkat ngabroel
diiring koe para mantri
sami pada noenggang koeda
pamatang taja noe kari
tjatoerkeun ĕnggeus di tĕgal
tingsalĕbroeng ngoedag sapi.

3. Noe ka kaler noe ka kidoel
ka koelon ka wetan deui
riab ngoedag boeron alas
matak waas noe ningali
lakoena lir anoe pĕrang
sami pada rĕboet pati.

4. Radja ningali di pajoen
aja oentjal sĕmoe gading
kagĕndam manahna Radja
ladjĕng oentjal teh dibĕrik
oentjal loempat tarik pisan
koe Radja hĕnteu katjangking.

5. Beuki lila woewoeh djaoeh
oentjal hantĕm dibĕlĕdig
tapi wĕleh teu kabĕdag
oentjal loempat beuki tarik
moeng katingal lapat-lapat
Mah Radja kelangan lari.

6. Tina kasĕngsrĕmna Ratoe
koe oentjal noe aloes tadi
njoesoelna kaloenta-loenta
lat hilap ka para mantri
toengtoengna Radja kasasar
pisah tĕbih djeung noe ngiring.

7. Harita geus poekoel tiloe
sĕdĕng wantjina geus moelih
Radja poetra ewĕd manah
ngilari djalan noe tadi
tapi wĕleh teu kapĕndak
anggoer woewoeh bae tĕbih.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

8. Toeroen goenoeng oenggah goenoeng
njorang lĕbak njoekang pasir
ngalangkoeng kana boeboelak
sampalan badak djeung sapi
ngasroek mapaj tĕgal mandjah
soemping-damping ka basisir.

9. Mah Radja poetra djoet loengsoer
tina titihan Sang Adji
kĕrsana ngeureunan palaj
tjalik dina sisi tjai
handapeun tangkal angsana
ngemoet-ngemoet djalan moelih.

10. Wantjina sariak lajoeng
kĕtir bawa rasa pikir
retjet manoek disarada
dina loehoer tangkal kai
siga anoe mepelingan
Radja koedoe ati-ati.

11. Ngangrĕs manah kangdjĕng Ratoe
aja dina tĕmpat soeni
katoeroeg-toeroeg njalira
teu aja rentjang sahidji
pigeusaneun pakoemaha
ngoemaha badantĕn moelih.

12. Pananpoë geus rek soeroep
Radja masih keneh tjalik
harita goeroedag datang
tiloe begal njĕkĕl kĕris
toeloej ngomong noe saoerang
bĕngis taja tata deui.

13. Eh Sang Radja koedoe noeroet
naon sapamenta kami
lamoen teu noeroet tjilaka
peuting tadi kami ngimpi
ngimpi Radja mere pĕdang
pĕdangna nja eta sidik.

14. Barang kadangoe koe Ratoe
sakalintang pasrah galih

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

teu aja manah ngalawan
pĕdang ditampakeun gasĭk
ka eta kapala begal
koemambang Radja ngalahir.

Maskoemambang.

1. Mangga ieu pĕdang noe peuting kaimpi
pasrah rila pisan
mana kitoe oge pasti
barang lain milik koela.
2. Geus ditampa pĕdang teh koe bapa maling
toeloej disorendang
rasana sĕgoet teh teuing
gek dioek gedengeun Radja.
3. Bapa begal noe kadoea ngomong sĕngit
he Sang Radja poetra
koela oge peuting ngimpi
ngimpi koe Radja digandjar.
4. Gandjaran teh teu salah eta erlodji
noe dipake pisan
malah djeung rantena deui
geura laan boga koela.
5. Radja poetra ngalaan deui erlodji
katoet djeung rantena
dibikeun ka bapa maling
bapa maling soeka boengah.
6. Noe katiloe njampeurkeun pok ngomong kĕsit
nja kitoe kaoela
peuting tadi deui ngimpi
ngimpi koe Radja digandjar.
7. Roepa barang tarompet teu salah deui
nja eta boektina
noe disoren teu pahili
geura laan noe kaoela.
8. Tarompet teh dipasihkeun koe Sang Adji
begal atoh pisan
rasa maksoedna geus hasil
dioek ngarioeng opatan.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

9. Radja poetra manahna ajeuna lilir
njaoer dina manah
naha aing poho teuing
teu ingĕt kabina-bina.
10. Tjoba lamoen ditioep koe aing tadi
samemeh dibegal
tan wande kabeh pangiring
njaroesoel ka dieu datang.
11. Ajeuna mah koedoe ditipoe koe aing
ieu begal-begal
soegan manehna teu ngarti
bari dioegoeng meueusan.
12. Radja poetra ngandika djeung imoet manis
tjobi paman begal
saha noe tioepna tarik
mangga tarompet teh pĕtjak.
13. Tamba kĕsĕl oerang tjitjing di noe soeni
anoe pangtarikna
dipĕrsen koe koela ali
tah ieu ali bĕrlian.
14. Toeloej bae begal nioep piligĕnti
sorana teh lĕpas
kadenge ka mana-mĕndi
wantoe nioep satakĕrna.
15. Toenda heula Radja noe sĕdih prihatin
dirioeng koe begal
ajeuna tjatoerkeun deui
pangiring radja sadaja.
16. Ti sapisah para mantri djeung Sang Adji
riab pada njaksrak
geus kabĕbĕs leuweung kai
tapi wĕleh teu kapĕndak.
17. Toengtoengna teh tinglalimboeng para mantri
awahing koe soesah
tingpĕlĕngoek poĕk pikir
sawareh mah nangkeup sirah.
18. Eukeur kitoe torotot tarompet moeni
mantri tingboeringas

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

kabeh pada njidik-njidik
ti mana datangna sora.

19. Sanggeus sidik toeloej bae ararindit
neang eta sora
sabab palikirna mantri
geus nangtoekeun bae Radja.

20. Hĕnteu lila radja kapanggih keur linggih
handapeun angsana
dirioeng koe tiloe maling
keur nioep pabĕdas-bĕdas.

21. Barang begal nendjo djalma ngabring-ngabring
sieuneun katjida
karĕpna rek loempat tarik
enggal sang Radja miwarang.

22. Geuwat tjĕkĕl eta djalma para mantri
begal geus kabandan
hĕnteu bisa oesik malik
roemasaeun nandang dosa.

23. Radja poetra mesĕm ngalahir djeung manis
aeh paman begal
koela ge ti peuting ngimpi
ngimpi ngagantoeng andika.

24. Begal tiloe geus diringkoes koe pangiring
beuheung ditalian
digantoeng nĕmahan pati
tjing na ĕnja begal hilang?

VI. Boehaja, sapi djeung peutjang.

Dina hidji rantja sisi laoet aja boehaja ngĕndog dina sedong. Barang nĕpi kana mangsana, ĕndog teh mĕgar, anakna aja tiloe marontok pisan.

Loba bangsa sato ana boga anak leutik sok galak nakĕr, kitoe deui ieu boehaja; sakoer sato-sato noe ngoelamprĕng deukeut-deukeut ka dinja mah geus teu aja noe ngari ditoempĕs kelor bae kabeh.

Koe naon sababna noe matak djadi galak?

Ari noe matak kitoe, sapĕrkara, njaaheun kaanakna, bisi

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

dikaniaja koe sato sedjen, tjara hajam noe anakan leutik bae, geuning galak, lain? Kadoea, tina sakitoe lilana koerang barang hakan, nja eta keur waktoe njileungleum tea.

Katjaritakeun dina hidji mangsa keur boehaja neangan hakaneun, parĕng aja kasintoe asoep kana paroengpoeng dina tjanir kai gĕde, noe geus ngarangrangan.

Keur boehaja soesoengkoer dina eta tjanir ngarah kasintoe tea, ngan gĕbroeg bae kai teh roentoeh, boehaja katindihan, nĕpi ka teu bisa oesik-malik.

Boehaja tjeurik, sasambat menta toeloeng, tina koe kanjĕrianana, komo ari ras ingĕteun ka anakna mah, beuki tambah rosa bae tjeurikna djeung sasambatna teh.

Keur boehaja tjeurik midangdam, kadenge koe hidji sapi, noe keur njampal deukeut ka dinja, toeloej disampeurkeun.

Barang boehaja nendjo sapi, pok bae ngomong: „Atjeuk! moegi-moegi sing wĕlas asih ka raji noe keur nandangan prihatin, kadjĕpit koe tjanir kai mani teu kadoega oesik-oesik atjan, moen kaja kieu mah samar mĕndak isoek deui, meureun lastari nĕpi ka djangdji, djadi babatang.

Tjing atoeh, tjeuk! enggal pangdjoengdjoengkeun ieu kai sakeudeung, soepaja rada kĕndor, meureun tangtoe raji bisa montjor sarta salamĕt". Ngomongna kitoe teh bari rĕmbĕs tjimatana.

Sapi watireun pisan, geuwat bae dĕkoe, heug kai teh disoengkal koe tandoekna. Boehaja ngarandang, leupas tina balai.

Sadjongdjongan mah boehaja teu lemek teu njarek ngararasakeun kanjĕri djeung baloeas keneh ongkoh. Sanggeus lilir boehaja ngomong bari boentoetna koepat-kepot:

„Atjeuk pirang-pirang rewoe noehoen, reh raji parantos didjait tina balai noe bakal nĕmahan pati, tjatjakan moen teu aja atjeuk mah, nja meureun paeh tea. Ajeuna, tina gĕde-gĕdening panarima raji, soengkan pisah deui djeung atjeuk, beurang peuting hajang babarĕngan bae".

Sapi ngadjawab: „Beu aji, bangga pisan, kawantoe aji mah oerang rantja, ari atjeuk mah oerang daratan; tjindĕkna moal bisa djadi, ngan oerang andoem salamĕt bae, sarta baring soepagi oepama aja pantjabaja oerang koedoe silih toeloengan".

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Boehaja ngomong deui: „Sageuj, ari teu bisa kalakonan onaman mah; sangkan oerang teu papisah salawasna, atjeuk rek dihakan koe raji, tan wande djadi daging-gětih raji".

Sapi ngadenge omongan kitoe teh, reuwaseun pisan bari rek loempat, ngan taja pěta sabab boentoet boehaja koepat-kepot bae rek njabět.

Pok ngomong sapi teh: „Aji! asa sae teuing pamoelang tarima teh, ieu mah lain bedja deui — noeloengan andjing ti sělap teh — sakitoe didjait tina bahaja pati, woeri-woeri rek ngahakan pisan. Atjeuk mah teu moepakat. Ka kieu ka kitoe oge, hajoe oerang ka hakim bae, menta pangadilan".

Toeloej doeanana laleumpang iring-iringan, sapi ti heula, boehaja pandeuri, teu anggang salengkah-lengkah atjan sabab sieuneun ditinggalkeun loempat.

Teu lila geus tjaroendoek ka bale-pangadilan.

Hakim aja keur tjaralik djeung rengrenganana.

Peutjang noe djadi Djaksana, pok mariksa: „Aja pěrloe naon, maraneh ngadareuheus ka dieu?"

Walon sapi: „Noe mawi sim abdi doemeuheus, soemědja njoehoenkeun pangadilan, tadi, ieu poen boehaja meunang tjilaka, katindihan koe kai gěde dongkap ka teu bisa oesik-oesik atjan. Manehna menta toeloeng, koe abdi ditoeloengan, dongkap ka salamětna. Ti dinja manehna rek ngahakan ka abdi, madjar, moelang tarima. Měnggah eta, sadaja-daja ngiring pangěrsa, da kaadilan djeung timbangan mah aja di noe agoeng."

Peutjang nanja ka boehaja: „Na ěnja, tjaritaan sapi teh těroes djeung maneh?"

Boehaja ngawalon: „Agoeng-agoeng běběndoe, manawi teu djadi galih, jaktos sapioendjoek poen sapi teh, lěrěs; nanging sanes rek ngahakan lantaran awon niat, eta mah teu pisan-pisan moeng tina agěnging panarima djisim abdi, djadi djisim abdi ěmboeng pisah djeung poen sapi teh, teu aja sanes akalna kadjabi ti dilěbětkeun kana beuteung djisim abdi".

Peutjang gogoděg bari ngomong: „Beu, soesah, lain pěrkara leuleutikan ana kieu mah. Di mana oeroet maneh katindihan kai teh, bisa noedoehkeun?"

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Wangsoel boehaja: „Soemoehoen tiasa, mangga oepami bade diparios mah".

Ti dinja bral eta tiloe sato indit ngadjoegdjoeg kana kai roentoeh tea. Barang geus datang sapi ngomong: „Soemoehoen di dieu tĕmpatna, eta kaina oge ngalondjor keneh".

Peutjang ngomong: „Tjing, koemaha keur waktoe maneh ngangkat eta kai, sapi! pĕtakeun dina oeroet tadi".

Sapi dĕkoe pek kai teh dihoealkeun koe tandoek tjara tadi.

Peutjang ngomong deui: „Ari maneh boehaja, koemaha nja pĕta tadi keur katinggang kai? Tjoba pĕtakeun sing saĕnjana, oelah bohong".

Pek boehaja teh ngadapang dina handapeun kai, tjara tadi.

Peutjang ngomong: „Na ĕnja kitoe, teu salah?"

Sapi djeung boehaja saoer manoek: „Soemoehoen, soemoehoen, teu lĕpat deui".

Tjarek peutjang: „Etjagkeun kai teh, sapi!"

Kai geus nindihan deui kana tonggong boehaja tjara asalna, pageuh pisan.

Peutjang ngomong: „Tah kitoe, poetoesanana teu meunang moengkir deui, nja!"

Peutjang loempat asoep ka djĕro leuweung; sapi oge leumpang. Ari boehaja mah tjitjing bae di dinja nandangan kanjĕri, nĕpi ka paehna pisan.

Dangdanggoela.

Teu koe hanteu ari anoe dĕngki
bĕlang-bajah-hianat-istrenan
sapari-polahna goreng
ngarah tjilaka batoer
kadjeun teuing deungeun balai
sok asal oelah dirina
noe kitoe mo moeloes
tjara eta nji boehaja
lamoen lĕmpĕng narima pitoeloeng sapi
slamĕt moal tjilaka.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

VII. Santri.

Di desa Anoe aja hidji Santri.

Dina hidji poë, parĕng manehna keur dioek di tĕpas imahna, diamparan koelit ĕmbe, njanghareupan kitab, djol datang tatanggana ngirim madoe njiroean, diwadahan dina kelĕr, moenggah pinoeh.

Tatangga: „Ieu, loemajan bae, madoe saeutik noen".

Santri: „Atoeh lain loemajan eta mah, noehoen — noehoen".

Santri ngomong di djĕro atina: „Ieu madoe, lamoen koe aing didjoeal, pajoe mahal oge; ladangna dibeulikeun kana hajam babon, meunang doea, toeloej diingoe hade-hade, diparaban sore-isoek, eta hajam doeanana ngĕndog, nĕpi ka waktoena mĕgar, ritjit anak hajam di kolong.

Ajeuna geus rĕndang hajam, pinoeh kolong, pinoeh parandje.

Hajam didjoeal, njesakeun doea-tiloe keur bibit deui; ladangna beulikeun kana ĕmbe; dipiara dioeroes ĕnja-ĕnja, tangtoe ngarĕkahan, anakan deui — anakan deui. Moal sakoemaha lilana aing soegih.

Sanggeus kitoe mah, toeloej nanjaan ka anak noe beunghar deui, geus tangtoe djinisna poeroeneun, malah kolotna oge katjida doaeunana, da aing djĕlĕma kaja, toeroeg-toeroeg santri deui.

Barang geus kawin, boga anak; lamoen awewe geulis, dek dingaranan Nji Patimah. Lamoen lalaki anak teh, dek sina ngadji, dipapatahan koe aing pribadi, da kitab boga, naon-naon aja.

Oepama nakal teu daek ngadji, baledog koe.....". Bari kĕk kelĕr wadah madoe teh ditjĕkĕl, bĕlĕwĕr dibaledogkeun, ana keuna kana tarang noe ngirim pisan, atoeh mani bantjoenoer, sarta pinoeh saloear awakna koe madoe.

Kitoe deui kitabna ki Santri oge beak ka bandjoer.

Ki Santri olohok bae sababaraha djongdjongan, teu lemek — teu njarek, tina handeueul djeung era deui, ditjarekan mani beak bĕrĕsih koe tatanggana tea.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Kinanti.

Kinanti djadi panjamboeng
panjamboeng tjarita santri
santri anoe lalamoenan
ngalamoen hajangeun soegih
soegihna ngan woengkoel hajang
hajang anoe moal djadi.

Djadina ngan roegi woengkoel
woengkoel handeueul djeung poesing
poesing madoe teu kadahar
dahareun hĕnteu kamilik
milik sakitoe geus aja
aja oentoeng matak roegi.

VIII. Noe njaah ka indoeng.

Aja hidji randa, nja kolot, nja malarat, boga anak tiloe lalaki kabeh; tjikalna oemoer 18 taoen, boengsoena 14 taoen, imah-imah sisi leuweung toetoegan goenoeng.

Tina kakolotanana eta nji randa geus teu bisa oesaha neangan rĕdjĕki sorangan, hiroepna woengkoel dimemenan koe anak-anakna bae.

Dĕmi kasabna eta baroedak dagang soeloeh, oepama paso-sore ngala soeloeh ka leuweung, isoek-isoek didjoeal ka pasar.

Ladangna sawareh dibeulikeun kana kadaharan, ari noe sawareh deui disimpĕn dikoempoelkeun koe indoengna keur meuli papakean maranehanana.

Eta baroedak geus asa tjoekoep bae koe rĕdjĕki sakitoe teh — soemawonna ari indoengna mah, estoening tiis pikir, tina neuleu anak-anakna sakitoe gĕtenna ka kolot — boektina ari ĕntas dadaharan ti peuting sok tarĕtĕmbangan dina same-mehna hees. Ngan eta ana geus loba hoedjan baroedak teh ngarasa soesaheun pisan, rehna teu bisaeun ngala soeloeh ka leuweung. Dina oesoem kitoe mah baroedak teh tara daragang soeloeh, ngan sok karoeli kitoe bae, ngoendjalan dagangan atawa sasapoe di pasar.

Katjaritakeun dina tĕngah-tĕngah oesoem ngidjih, kakaian taja noe hade baris soeloeh, da baraseuh, pakoelian teu aja,

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

djadi doeit tjengtjelenganana tea kapaksa dipake ngadoeit dadahareun; tapi teu mangkoek sabaraha poë doeitna beak. Koe tina lieuk euweuh ragap taja, ari barang hakan mah koedoe, djeung karoenjaeun ka indoengna, ngan djoeng bae baroedak teh laleumpang sĕdjana rek koeli ka nagara. Barang keur ngarioeng dioek di pasar mikir-mikir pilakoeeun, ngadenge sora bĕnde ngoengkoeng, baroedak teh njampeurkeun bari nanja ka noe nakol bĕnde, pokna: „Poentĕn bae, noen! ngembarkeun naon, nganggo dibĕndean?"

Poelisi ngadjawab: „Saha-saha noe bisa mawa bangsat noe maling barangna babah Tjin A ka hakim, bakal digandjar doeit *f* 100.—".

Sanggeus eta boedak ngadenge embaran kitoe, ngĕtĕkngĕtĕk bae hajangeun bisa meunangkeun inja.

Barang geus boerit baroedak teh maroelang, lengoh, era-era oge koe indoeng maksakeun, tina mĕlangeun bisi koemaonam. Sapandjang-pandjang djalan mikir-mikir pilakoeeun sangkan bisa meunang rĕdjĕki, oelah nĕpi ka balik keupat, euweuh boeroe-boeroeeun indoeng.

Tjikal ngomong: „Lah, euj! oepama diparĕng koe noe Agoeng, oerang bisa njĕrĕk eta bangsat, sok tada teuing boengahna; pĕrsen teh oerang beulikeun bae kana kadaharan djeung papakean, meureun indoeng boengaheun, heg ti kamari taksiran teu manggih dahareun".

Panĕngah nembal: „Koe asa pamohalan, lalamoenan kitoe teh, oerang-oerang koe ..... eun, tjatjakan menak oge noe toekang njĕrĕk bangsat, geuning moendoet toeloeng, mana kitoe oge bangga".

Boengsoe ngomong: „Ah, ketah! da lamoen koemĕlĕndang di djalan mah sarta ngakoe jen manehna noe maling, asana teh koe oerang tiloean koedoe katjĕkĕl, teu beunang koe omong — paksa — ngalawan, kadek koe ieu arit".

Tjikal ngomong deui bari seuri: „Lain kitoe euj, maneh bae boengsoe, koe aka koe doeaan ditalian, disanggakeun ka hakim, disĕboetkeun „bangsat" tea. Tapi maneh koedoe ngakoe tĕroes tĕrang, jen maling. Ari boeroehanana keur dahar leueut ĕma. Tjik, mĕnding mana, ĕma maot langlajeuseun djeung oedjang diboei?"

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Boengsoe ngawalon: „Soemangga, soeka rila pisan, ngabelaan indoeng. Lĕrĕs, koedoe koering noe dibandana, sabab noe pangboedakna; oepama akang mah noe diboei, gagal, da koering mah moal bisa moelasara indoeng kawantoe boedak keneh. Iraha atoeh, oerang ka hakim teh?"

Panĕngah: „Isoek bae, isoek-isoek, tapi oelah bebedja ka ĕma".

.....

Kira-kira sareupna baroedak teh daratang ka imahna, toeloej ngaroembah soekoe ka soemoer, soep arasoep ka imah, kasampak indoengna keur ngarengkol disimboet pangais boetoet, ngagigirkeun bokor seupaheun.

Barang anakna daratang, manehna hoedang bari nanjakeun soegan ngirim kadaharan.

Boengsoe ngawalon: „Ĕh, ĕma! lapoer, balangsiar teh teu beubeunangan, ngan bati rantjoetjoet kaboeloesan".

Indoengna sor njodorkeun boboko, noe dina siraheun manehna, bari ngomong: „Baroedak, ka dieu, ieu ĕma mah tadi aja noe ngirim, geura oerang rioeng".

Baroedak njalampeurkeun, ana diboeka sing horeng seupan etjeng. Toeloej dirioeng nĕpi ka beak lesang pisan. Sanggeus rengse indoengna ngarongkong njokot bokor seupaheun, tapi teu toeloes, sot dilesotkeun deui, tajohna bae geus teu seureuh-seureuh atjan; tapi teu lemek teu njarek, ngan doeg deui bae ngĕdĕng, ngarengkol.

Polah indoengna kitoe teh diawaskeun koe anak-anakna, manehna katjida ngĕrik hatena, tapi sarerea taja noe ngomong, ngan bati njalangkroeng tjimata.

Geus kitoe baroedak teh ngaleser rada anggang, doeg ngarĕdĕng tapi teu hees, njarileuk bae.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

IX. Noe njaah ka indoeng.

(Samboengan).

Kira bada isa indoengna geus hees.

Baroedak naroeloejkeun deui badami pĕrkara rek ngarah boeroeh tea, tina sakitoe boektina kawaloeratanana.

Barĕng geus gilig palikirna, jen si boengsoe noe baris dipintonkeun ka hakim, si boengsoe njampeurkeun ka indoengna, doeg hees gigireunana, saanggĕl reudjeung, minangka noe rek paeh mah „mamakasih".

Soeboeh-soeboeh haroedang djoeng arindit ka dajeuh tjara adat biasana rek koeli.

Teu koengsi lila tĕpi ka sisi dajeuh, di dinja pĕpĕta, darangdan, si boengsoe ditalian leungeunna didjieun babandan diiringkeun koe doeaan, bari ngeupatkeun paneunggeul moeroe ka hakim.

Ari datang si boengsoe toeloej dideuheuskeun ka hakim.

Koe hakim dipariksa ti poerwa nĕpi ka wĕkasan, beres taja noe dianglĕs diakoe kabeh. Sanggeus rengse, toeloej noe mawana digandjar *f* 100.

Doeit ditampa koe doeaan bari nganoehoenkeun, toeloej amit moelang.

Tjikal djeung panĕngah arindit moeroe ka aloen-aloen ngioehan handapeun tangkal tjaringin.

Dĕmi si boengsoe dipiwarang dikaboeikeun toenggoe poetoesan.

Ari ret teh doeloer-doeloerna nendjo si boengsoe dirante, diiringkeun koe oepas, moenggah ngalĕnjap hatena, wĕlaseun, datang ka njoeroetjoed tjimatana.

Panĕngah ngomong: „Ka! hajoe oerang ka pasar, oelah tjitjing bae di dieu, bisi kaoeninga koe hakim, toeloej oerang diboei deui. Ari si boengsoe mah oerang doakeun sing salamĕt bae".

Tjikal: „Ĕnja adi, hajoe atoeh, tapi balik ka imah mah ĕngke bae pasosore tjara biasa".

Toeloej arindit moeroe ka pasar.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Ěnja mawa doeit rea tapi teu bear, ieu mah měsoem sěmoe aloem, gawena ngan hoelěng djěntoel bae, karoenjaeun ka adina djeung kadoehoengeun.

Ari geus boerit, wantjina balik, baroedak teh maroelang bari nanggoeng beunang barang beuli keur ngirim indoengna, tjiptaanana tangtoe indoengna boengaheun dikirim kadaharan rea djeung papakean nanaonan.

Datang-datang ka imahna, di boeroean keneh geus gěgěroan: „Ěma! ěma! geura boekakeun lawang, ieu koering oentoeng nakěr".

Panto diboekakeun. Gek darioek tiloean, katiloe indoengna maroeka babawaan.

Indoengna pok nanja: „Na rea-rea teuing babalandja teh, kawas rek lěbaran bae, boga doeti ti mana, djeung make aja boengkoes doeit rea? Ěma mah risi, tara-tara ti sasari maraneh kitoe teh, djeung si boengsoe ka mana?"

Tjikal ngawalon bari toengkoel: „Aja pandeuri keneh, ajeuna mah geura dadaharan bae sing mirasa".

Indoengna teu pati ponjo barang daharna teh da hatena soemělang bae ka si boengsoe.

Geus rada lila, indoengna nanjakeun deui: „Geuning tatjan datang keneh bae?"

Didjawab koe tjikal bari sěmoe ngoejoeng: „Nja eta poegoeh, tina lieuk euweuh, ragap taja, pakoelian langka, istoe djaoeh rědjěki teh, djadi koering poěk deuleu, badami tiloean, toeloej si boengsoe teh koe koering doeaan disanggakeun ka hakim, diakoekeun bangsat, ajeuna oge geus di djěro boei; ari koering doeaan dioepah doeit *f* 100. Ieu doeitna, noe sawareh deui dibalandjakeun".

Barang indoeng ngadenge omongan kitoe teh, ngan děngek bae tjeurik aloek-aloekan, tjeurik noe katjida njěrina, bari ngomong: „Koemaha, koemaha, di mana si boengsoe, si boengsoe? Teu kadoega teuing pisah djeung si boengsoe, soeka paeh langlajeuseun, batan si boengsoe euweuh mah. Boengsoe! boengsoe! geura ka dieu, ěma keueung, keueung! — Tjig, baroedak geura baralik deui ka dajeuh, poelangkeun eta doeit teh, teu soeka, aing teu soedi, anak aing didjoeal."

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Ngomongna kitoe teh bari dialoengkeun eta boentĕlan doeit djeung babalandjaan diatjak-atjak, koemaonam ninininitea bae, djeung bari gagaro deui.

Harita kabĕnĕran aja menak ti nagara noe keur njĕrĕp-njĕrĕp bangsat tea, ngadangoe noe tjeurik, heug disampeurkeun, wĕt kitoe asal-oesoelna. Atoeh menak teh katjida watireunana, gagantjangan moelih, tĕroes oendjoekan ka Kangdjĕng Radja.

Tina Kangdjĕng Radja katjida adilna, toer sabar darana, barĕng ngadangoe pioendjoek noe saroepa kitoe teh teu kira-kira ngahĕlas manahna. Ĕnggal nimbalan hakim, soepaja eta djĕlĕma (si boengsoe) dikaloearkeun djeung dibere doeit katoet papakean. Kitoe deui ditĕtĕpkeun oenggal boelan meunang pangsioen, lantaran tina njaahna ka indoeng nĕpi ka dilakonan manehna ngakoe-ngakoe djadi bangsat, meh meunang hoekoeman beurat.

Sanggeus si boengsoe dikaloearkeun ti pangberokan djeung nampa gandjaran ti hakim, goera-giroe balik ka lĕmboerna.

Kasoekaan indoeng djeung anak sanggeus tĕpoeng deui, teu koedoe ditjaritakeun, ngan koe bawaning boengah toengtoengna kabeh tjeurik.

Ti harita nji randa saanakna djadi djĕlĕma tjoekoep teu koerang sandang pangan nĕpi ka poepoet adjalna.

Sinom.

Kitoe wawalĕs Pangeran
Goesti Anoe Maha Soetji
ka mahloekna noe satia
anoe satoehoe goemoesti
gĕten heman goemati
soehoed ngawoela ka sĕpoeh
ħadjan tadi sangsara
di ahir pinanggih moekti
dahar pake mahi teu aja kakoerang.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

X. Agan Apit, Wira djeung Dira. .

Bagian kahidji.

Agan Apit poetra Djoeragan-Patih-pangsioen, keurna moerangkalih keneh katilar poepoes koe ramana. Djadi andjeunna teh dipiara koe iboena bae.

Dĕmi eta iboe Agan Apit, estoe beunghar lain dikieuna, lĕga sawah taloenna, rĕndang sapi moendingna. Geus poegoeh ari barang sipat njamoe djeung bangsa pĕrmata mah, kawantoe geus meh ilahar di oenggal menak oge, sok ngagĕdekeun kana panganggo.

Koe lantaran andjeunna teu kagoengan poetra deui, ngan sasiki-sikina pisan, atoeh kanjaahan-kaasihan teh, tamplok ka Agan Apit bae.

Oepama Agan Apit barang poendoet tara aja noe dipogogan. Koe iboena dipanggaleuhkeun roepa-roepa tjotjooan, noe araloes sarta marahal, sapĕrti: tarompet, bĕdil leutik, argol djeung salian ti eta, sakoer noe aneh-aneh dagangan toko.

Kitoe deui panganggo, tjek paribasa tea mah — „hoeroeng nangtoeng, siang leumpang"— da nĕpi ka kĕrĕpoes batok ĕmas oge, sok dianggo sapopoë.

Barang toeangna teu aja oesoemna; oepama ămĕng koedoe bae ngambeng koeeh-koeeh anoe ngareunah, saboetoehna soklat. Tapi ari djadjan mah ongkoh deui, teu poetoes koe ngambeng, dina sapoë teu mahi satalen.

Ari adatna Agan Apit teh goreng katjida, teu kaopan teu pajaan, digeureuh-geureuh saeutik oge, djĕtĕtĕt poendoeng; oepama aja kahajang koe iboena teu boeroe-boeroe dilaksanakeun, teu inggis maledog. Kana tjotjooan tara tjeeh, ngan watĕs doea-tiloe poë rĕsĕpna teh, lamoen geus bosĕn toeloej bae diroeksak atawa dipitjeun, ti dinja ngagaleuh deui noe anjar; kana panganggo oge nja kitoe keneh bae. Ka rentjang ămĕng teuing koe harak, tapi balabah, tjek paribasa tea mah „hamboer batjot, moerah tjongtjot". Saha-saha noe daek matoeran ămĕng, tangtoe weureu seubeuh koe kadaharan noe ngareunah djeung oenggal poë didjadjanan, atoeh rentjang ămĕngna mani gĕrĕjĕk.

PERPUSTAKAAN NASIONAL

Barang Agan Apit geus joeswa 9 taoen, kakara iboena aja manah palaj njakolakeun, tapi Agan Apit moegĕn bae teu kĕrsa, ari basana era geus gĕde teuing djeung keueung euweuh batoer reureudjeungan ka sakola.

Iboena ngamanah-manah sangkan poetrana poeroen sakola, harita andjeunna emoet ka poetra saderek misanna, manahna soegan lamoen djeung eta mah, daekeun sakola. Ti dinja ladjĕng miwarangan gandek, njaoer.

Dĕmi eta saderek Djoeragan-Patih-Istri-pangsioen teh, menak waloerat, sabab ti aanomna hĕnteu njĕpĕng padamĕlan, njomah bae; andjeunna kagoengan poetra hidji paměgĕt, kakasihna Raden Sabar.

Koe tina kawaloeratan sĕpoehna, Raden Sabar hĕnteu disakolakeun, ngan oekoer disina ngadji-ngadji kitoe bae, hĕnteu dipiĕnja-ĕnja. Rĕmĕn pisan Raden Sabar oendjoekan ka ramana hajang sakola tjara deungeun-deungeun, tapi koe ramana teu digoegoe da taja piongkoseunana.

Dina hidji poë, pasosore Raden Sabar keur sasapoe diboeroean; djol datang piwarangan Djoeragan Patih-Istri-pangsioen teh, sarta toeloej ngomong:

„Aden disaoer koe iboe, Djoeragan Patih-Pangsioen koedoe kairingkeun koe koering, saoerna".

Djawab Raden Sabar: „Ke, dek oendjoekan heula ka mama, bisi leungiteun".

Koe ramana kawidian.

Ti dinja djoeng indit rek nĕmonan panjaoer, leumpangna hĕnteu loeak-lieuk, tonggoj toeroet sisi djalan gĕde, teu daekeun ka tĕngah, da tadi samemeh indit dipeupeudjeuhan koe ramana, oelah leumpang nĕngah, oelah balangah, bisi kadoepak kahar.

Ari datang, tĕroes bae ngadeuheusan, dioek mando mĕndĕko.

Djoeragan Patih-Istri-Pangsioen njaoer: „Sabar, kieu noe matak diala teh, maneh dek disakolakeun, ongkos bajaran sakola ditanggoeng, dahar, pake dioeroes, malah tjitjing oge koedoe di dieu, ngan soepaja ngabatoeran Agan bae; koemaha daek?"

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Barang Raden Sabar ngoeping saoer kitoe, djol giak bae, eukeur mah ti babareto hajang asoep sakola teh, kari-kari aja noe nawaran, lir oepama noe „mobok manggih gorowong", katoeroeg-toeroeg teu koedoe make ongkos deui, sok moen daek ieu mah. Atoeh ngan tjedok bae njĕmbah „oendjoek soemangga".

„Soekoer pisan ari daek mah". Saoer Djoeragan Patih-Istri-pangsioen. „Ajeuna los balik heula, poepoelih ka ditoe ka mama, isoek ka dieu deui".

Tjatoerkeun Agan Apit dipariksa deui koe iboena, daek hĕnteuna sakola, bari diririh-ririh.

Ana ngawangsoel: „Mangga, da ajeuna mah moal keueung, nanging hajang dipanggaleuhkeun heula kareta mĕsin".

Koe iboena ditoeroetkeun, pek dipanggaleuhkeun kareta mĕsin, tina njaahna ka poetra; koe njĕboet daek oge sakola, beuki matak „deudeuh" bae.

Ajeuna Agan Apit djeung Raden Sabar geus proeng sarakola.

Raden Sabar panghajangna teh ĕnja, diadjarna tĕmĕn, sarĕgĕp, radjin teu aja tjarekeun goeroena.

Ari Agan Apit mah kalah ka engkreg bae; isoek keneh geus kĕlĕjĕng toempak kareta mĕsin, indit ka sakola, tapi ngadon heureuj. Diadjarna mĕlĕntjing beak karĕp, lamoen goeroe keur nĕrangkeun, manehna seuseurian atawa ngaheureujan batoer, oepama teu kitoe noendoetan.

Ngan meunang tiloe boelan sakolana Agan Apit geus kaloear. Koe iboena dihantĕm dipoekproek, soepaja daek deui sakola, tapi wĕleh ĕmboeng bae.

Dĕmi Raden Sabar mah sakolana tĕroes, nĕpi ka tjoetjoedna meunang soerat sĕrtipikat.

Sĕdĕng mangsana Agan Apit rĕsĕp kana make, pĕs iboena poepoes; radjakajana kabeh ragrag ka Agan Apit, teu aja pisan tjongtjajna.

Keur anjaran mah Agan Apit kanjĕnjĕrian katjida, katilar koe iboena teh, tapi teu lila tina kabangbrangkeun koe kasoekaan, kaoepahan koe warisan, toeloej damang bae.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Bareto mah keur djoemĕnĕng kęneh iboena, ĕnja oge Agan Apit ana njoehoenkeun tara dipogogan, tapi raosna koerang poeas, hĕnteu sakawĕnang-wĕnang, da njoehoenkeun mah aja isinna; ari ajeuna geus moal aja noe njisi-koedi, masing dek dikoemaha-koemaha oge, da geus moeklis boga sorangan.

Dĕmi karĕsĕpna Agan Apit kana gigindinganan, pĕlĕslr djeung rojal. Sadidintĕn panganggona tara boesik, soemawonna roedin. Sindjang lodĕr sawitan sarĕng oedĕngna anoe harga *f* 40 raksoekan lendĕn batoe anoe saelona saringgit, rante ĕmas erlodji ĕmas, tĕtĕkĕn baling dipoeih-poeih. Njĕsĕpna tara loeang soeroetoe, minjak seungit mĕlĕbĕr angin-anginan.

Ngan tjatjadna Agan Apit teh bodo, kawantoe beunang disĕboet teu sakola pisan, tjek babasan tea mah „teu njaho alip bingkĕng".

Ari tjĕtaanana mah teu woedoe, kawas djĕlĕma pintĕr, boekoe notĕs dina sakoe tara tinggal, potlot njolegreng; tapi eusina notĕs teh ngan pinoeh koe tanda woengkoel, da ari satandaeun mah bisa, beunang ngapalkeun.

Adatna noe panggorengna, poepoedjieun; rĕsĕp dipoedji kasep, dipoedji ginding, dipoedji pintĕr; sing saha noe bisa moedji, tangtoe seubeuh koe pamere, boh koe doeit, boh koe pakean, da ari aja noe kamanah teh pamoedjina, teu inggis mĕrĕsen koe oeang kĕrtas atawa papakean aloes.

Tjek kolot sanadjan goenoeng oge, lamoen dihantĕm ditoegaran, dikĕdoekan taneuhna, lila-lila tangtoe rata. Nja kitoe deui radjakajana Agan Apit; tina dihantĕm dipake dimonjah-monjah, sasat diawoer-awoer, teu mangkoek sabaraha lawasna geus katjida ngoeranganana.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

XI. Agan Apit, Wira djeung Dira.

Bagian kadoea.

Agan Apit kagoengan pirang-pirang sobat, tapi teu aja noe eutjreug, aja pangoloan, panglantoeran, pamaenan djeung salian ti eta.

Dina hidji poë Agan Apit kasemahan koe sobatna doeaan, noe saoerang ngaranna Wira, noe saoerang deui Dira; eta doea djělěma kasohor toekang tipoe.

Sanggeus sawatara lilana ngawarangkongna, Wira ngomong ka Agan Apit, mělas-mělis sěmoe noe hajang dipikaroenja, pokna: „Agan, noe mawi poen akang doemeuheus, bade njoehoenkeun ditjitangisan, tina teu aja deui poentanganeun teh, sadjabi ti Agan; poen akang teh gadoeh barang di pakgade, ajeuna bade dilelang; oepami koe Agan hěnteu ditoeloengan tangtos lapoer. Doepi djoemblahna sadaja pangaos *f* 50. Koe margi eta sadaja-daja poen akang teh njoehoenkeun piwělas Agan, moegi dipaparin namboet bae satjěkapna, pikeun něboes". Djeung rea-rea deui omongna, kawantoe toekang tipoe ieuh, sok bisa ngolo.

Eukeur mah Agan Apit djělěma balabah, katoeroeg-toeroeg poepoedjieun, kari-kari ngadenge omongan sakitoe aloesna, amis alahbatan madoe, seukeut alahbatan tjongo kěris, atoeh golosor bae maparin *f* 50, teu mandjangkeun tjarita deui, ngan oekoer sakieu saoerna: „Tah top bae mere ngindjeum *f* 50 ari pěrloe make mah, tapi koedoe njieun tanda tangan".

Walon Wira bari ngarongkong doeit: „Mangga, endjing disanggakeun koe poen akang".

Ti dinja toeloej eta doea djělěma amit moendoer, baralik.

Barang daratang ka imah Wira, toeloej doeit *f* 50 teh dibagi doea, salawe sewang. Geus kitoe pek badami njieun tanda-tangan ditoelis dina zegel, ari oenina kieu:

„Kaoela noe nanda tangan di handap ieu ngaran Agan Apit, oerang desa Anoe distrik Anoe, geus tarima boga hoetang roepa doeit kontan reana f 5000 (lima reboe roepia) ka ngaran Wira oerang desa Anoe, distrik Anoe. Pěrdjangdjian baris dibajar loenas dina tempo doea taoen, samangsa-

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

mangsa kaoela tjidra tina djangdji noe kaseboet di loehoer, sagala radja-kaja kaoela sarta imah katoet pakaranganana, djadi milikna noe boga doeit.

Tanda tangan,

.....

Sanggeus beres noelis tanda tangan, Wira pok ngomong: „Isoek ieu tanda-tangan oerang tandakeun ka Agan Apit, geus tangtoe manehna daekeun nanda, asal koe oerang dioegoeng-oegoeng, djeung sanadjan manehna teu bisaeun matja oge kana ieu tanda-tangan, moal menta dipangmatjakeun ka noe lian, sabab manehna eraeun, sieuneun katangen kabodoanana".

Walon Dira: „Lĕrĕs, tapi eta tanda-tangan koedoe ditjĕkĕl koe oerang ongkoh".

Wira: „Poegoeh bae, malah adi oge koedoe nanda, njaksian, djeung oerang datang teh ka Agan Apit oelah babarĕngan.

Tjatoerkeun isoekna, kira-kira poekoel tiloe di boemi Agan Apit geus ririoengan deui tiloean, nja eta: pri boemi, Wira djeung Dira ngawangkong teu poegoeh, gogondjakan, seu-seurian tjatjalakatakan.

Sanggeus ngopi nanaon, Wira ngomong, pokna: Aeh, meh bae poen akang hilap, ieu tanda-tangan tea parantos, ngan kantoen ditawis bae koe Agan.

„Mana? Tjing, ka dieu kang, oerang batja heula, bisi salah".

Sor diasongkeun tanda-tangan teh; toeloej ditjandak koe Agan Apit dibingbingkeun dibatja, bari dangdak-dengdek, anggat-oenggoet, biwir koenjam-koenjĕm, kawas noe heueuh, padahal teu njaho saĕloek-ĕloek atjan. Ari geus kitoe Agan Apit sasaoeran: „Naha pĕrloe koe koering ditanda?"

Wira: „Hĕr, ari Agan, bĕt kawas noe doesoen, atoeh kantĕnan kĕdah mah, kapan Agan noe kagoengan artosna; oepami teu ditawis, saha noe ngindjeumkeunana?"

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

„Kang Dira ge koedoe nanda, djadi saksi, nja!", saoe Agan Apit.

„Soemangga poen akang njaksian, pilakadar nanda, manawi tiasa". Tjek Dira.

„Ah, teu oemoem bae, ari teu bisa onaman, sageuj".

Ti dinja djĕbred tanda-tangan hoetang teh ditanda koe doeaan, Agan Apit djeung Dira.

Kira-kira geus aja doea taoen leuwih ti waktoe harita, Agan Apit disaoer ka hoekoem didawa hoetang koe Wira.

Sanadjan Agan Apit moengkir adĕgan oge — da poegoeh ĕnja teu boga hoetang — pioendjoekna koe hakim hĕnteu dimanah, da eleh koeat koe tanda-tangan, toeloej bae ditigas pĕrkarana, Agan Apit eleh, koedoe majar hoetangna noe *f* 5000, atawa koedoe masrahkeun radja-kajana, imah katoet pakaranganana.

Liwat saking Agan Apit nalangsana, nĕpi ka ngabanjoe mili, mĕrĕbĕs bidjil tjipanon.

Ari soemping ka boemina, toeloej harita keneh bandana didjoealan, imah katoet pakaranganana ngaboektikeun doeit *f* 5000, nĕpi ka beakna pisan kagoenganana teh, tjek paribasa tea mah teu njesa „batok kohok".

Andjeunna oeroet sakitoe agoengna, ajeuna djadi sakitoe apĕsna, ngagilintjing, ngan kari badan sabeuleugeundjeur, teuas-teuas kari bintjoerang, goelak-giloek kari toeoer, herang-herang kari sotja teh saĕnjana. Hadena bae dirawatan koe saderek mindona Raden Sabar tea, ajeuna geus djadi Mantri. Tjatjakan lamoen teu aja eta, tangtoe Agan Apit pinanggih sangsara noe moal aja hinggana, tina sandangpangan.

Dĕmi Wira djeung Dira sanggeus nampa doeit beunang nipoe tea, toeloej moeka toko. Djadi beunghar ngadak-ngadak, djadi moelja anjar-anjar.

Tapi eta kabeungharanana, kasĕnanganana, kamoeljaanana hĕnteu awet, kawantoe doenja haram ieuh. Dina hidji peuting manehna hees tibra pisan, ngan gĕr bae kahoeroean, tokona katoet barang-barangna teu aja pisan noe kapoeloek, malah dirina pribadi oge meh bae kabeuleum, lamoen teu kaboeroe nondjol ka loear ti imah.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Ari łantaranana tina koerang ati-ati neundeun lampoe. Kamari Wira djeung Dira djělěma ginding, ajeuna djělěma boetin, malarat beak kadaek, nępi ka teu boga imah kodompol-kodompol atjan.

Midjil.

1. Anoe bodo teu aja pangarti
   tan wande ngalakon
   kasoesahan dirina teh
   sanadjan anoe soegih moekti
   sapĕrti noe ṭadi
   tjarita di loehoer.
2. Agan Apit sakitoe nja soegih
   ngan handjakal bodo
   geuning kitoe toengtoenganana teh
   radja-kaja lĕdis sakali
   tina tjoepĕt boedi
   beunang koe ditipoe.
3. Kitoe deui djalma anoe dĕngki
   pĕrsasatna rampog
   Wira Dira panipoean gĕde
   hĕnteu toeloes djadina soegih
   sabab hĕnteu moeklis
   barang haram woengkoel.
4. Agan Apit Wira Dira deui
   koedoe djieun tjonto
   sakabeh ge taja anoe hade
   hĕnteu aja piliheun hidji
   anoe doea dĕngki
   noe saoerang sĕboel.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

EUSINA.

		Katja
		3
1.	Rasa mokaha	4
2.	Begal katipoe	6
3.	Koeda djeung sapi	8
4.	Sakadang peutjang	10
5.	Opat impian	15
6.	Boeaja, sapi djeung peutjang	19
7.	Santri	20
8.	Noe njaah ka indoeng	23
9.	Noe njaah ka indoeng (samboengan)	26
10.	Agan Apit, Wira djeung Dira (bagian kahidji)	30
11.	Agan Apit, Wira djeung Dira (bagian kadoea)	

PERPUSTAKAAN NASIONAL

Katja
..... 3
..... 4
..... 6
..... 8
..... 10
..... 15
..... 19
..... 20
..... 23
ahidji).... 26
adoea).... 30

Serie uitgaven door bemiddeling der Commissie voor de Volkslectuur.

Boekoe-boekoe anoe disĕboet di handap, nja eta boekoe-boekoe anoe dikaloearkeunana koe lantaran Commissie voor de Volkslectuur, didagangkeun di goedang boekoe kangdjeng Gouvernement (Depôt van Leermiddelen) di Weltevreden. Saha-saha noe rek meuli njoehoenkeun bae ka toean Administrateurna, tapi doeitna koedoe dikirim-keun ti heula weselkeun.

BOEKOE BASA SOENDA.

M. Saleh en Ardiwinata, Dongeng-dongeng Soenda I aksara Walanda *f* 0.08
Ardiwinata idem idem II idem „ 0.19
R. Hasan Soemadipradja, Piwoelang tatanen idem „ —
M. Natawisastra, 100 Paribasa I idem „ 0.22
idem idem II idem „ 0.21
idem idem III idem „ 0.19
idem idem IV idem „ 0.15
idem idem V idem „ 0.20
R. H. Moeh. Moesa, tjarita Abdoerrahman djeung Abdoerrahim „ 0.11
R. Lenggang Kantjana, Warnasari III idem „ 0.18
C. M. Pleyte, Pariboga 25 dongeng-dongeng Soenda idem djilid I „ 0.14
idem idem II „ 0.15
idem idem III „ 0.14
idem idem IV „ 0.14
idem idem V „ 0.14
idem idem VI „ 0.20
idem Pariboga, idem didjadikeun sadjilid..... „ 0.90
idem Pariboga (1e vervolg)..... „ 0.32
idem Pariboga (2e vervolg)..... „ 0.29
M. Partadirĕdja, tjarita roepa-roepa idem I ..... „ 0.12
idem idem II ..... „ 0.09
idem idem III ..... „ 0.12
M. Natawisastra, Toetoeroetjingan, make tĕmbang „ 0.06
M. Partadirĕdja, Piloeangeun I ..... „ 0.14
idem II ..... „ 0.09
Wadiwasta, Pitoeah Poepoerieun ..... „ 0.11
idem Saroeni sarosopan I ..... „ 0.08
idem idem II ..... „ 0.13

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

R. Prawira Koesoema, Dongeng-dongeng toeladan.. f 0.07
Mangoen di Karia, Tjarios lalampahan Daoed bin Oetin „ —
R. Ajoe Lasminingrat, Tjarita Erman ..... „ 0.08
R. B. Kartadirĕdja, Tjarios Nata Soengkawa..... „ 0.16
Wawatjan Koeja kadjadjaden..... „ 0.15
R. Poerawinata, Koelak tjanggeum..... „ 0.08
Mangoendikaria, Gĕnĕp bĕlas tjarita aksara Walanda „ 0.16
Wawatjan Moehamad Kaja idem „ 0.08
R. Ardiwinata, Lalampahan Michiel Adr. de Ruijter „ 0.28
Wawatjan tjarios R. Pandji Kerneng pati ..... „ 0.15
Baroeang ka noe ngarora I ..... „ 0.11
idem II ..... „ 0.09
M. Sarban, Panoelak ka sakit lolong idem „ 0.06
Palanggĕran noeliskeun basa Soenda koe aksara Walanda..... „ —
R. Ardiwinata, Tjarita djalma paminggatan ..... „ 0.18
D. Ardiwinata, Tata karama oerang Soenda ..... „ —
M. Partadirĕdja, Tjarita klĕntji djeung adjag..... „ 0.14
Toetoeroetjingan ..... „ 0.03
Wawatjan piwoelang panoelak panjakit kolera..... —
R. Ganda Adinĕgara. Boekoe tjarita Dik Trom..... „ 0.22
R. Poerawinata, Tjarios lalampahan ka Djawa tĕngah „ 0.14
D. Ardiwinata, Elmoe kabeungharan ..... „ 0.08
R. B. Kartadirĕdja, Tjarios Maharadja Djoesi..... „ 0.10
Sastradirĕdja, Wawatjan tjarios Praboe Oedrajana „ 0.21
M. Kartadimadja, Boekoe Panggoegah..... „ 0.08
M. Sastrawiria, Panglĕdjar galih..... „ 0.08
R. Djajadirĕdja, Wawatjan elmoening tani..... „ —
R. Soeriadirĕdja en M. Ardiwinata, Wawatjan Poernama Alam ..... „ 0.20
M. Kartadimadja, Tjaraos ki Boehara djeung ki Djani „ —
Njimas Lengkana, Dongeng-dongeng djaman baheula „ —
M. Soemintapoera, Tjarita Buffalo Bill..... „ 0.19
R [illegible]ĕdja en R. Soemodirĕdjo, Bab bako .... „ —
[illegible]djajadisastra en M. Soema Atmadja, Poeloenganeun ..... „ —
I. Sĕtjaadipoetra, Boekoe hal mĕlak djeung ngokolakeun roepa-roepa pĕpĕlakan I Bab ĕnteh.. „ —
M. Sĕtjaadipoetra idem Bab II ..... „ —
Adipradja, Bab njangkok, ngadĕdĕr sarĕng mĕlakna djĕroek..... „ 0.05
M. Natawisastra en M. Padmadinata, Kahardjaan nagara..... „ 0.15
Tjakrabangsa, Roepa-roepa misil anoe baris hasil.. „

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

